Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2026 соналъул 15 май Рузман № 19 (7950) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

ДандчIвай

## Хизри Абакаров районалде щвана

7 маялда гуманитарияб кумекгун Агъвали щвана Россиялъул Федералияб Собраниялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Хизри Абакаров. Гьесул сапаралъул аслияб мурад букIана апрелалда Дагъистаналда рарал чвахунцIадазул хIасилалда зарал ккарал гIадамазе квербакъи гьаби. Нилъер районги букIана зарал ккаразда гьоркьоб, республикаялъул цо чанго районалде данде ккун асар дагьаб букIаниги.



Гьевгун цадахъ рукIана БежтIа мухъалъул бетIер Шамил Арадахов ва ЦIунтIа мухъалъул бетIер АхIмад ХIамзатов. Гьалбал къабул гьаруна районалъул бетIер Шамил ГIумаровас.

Районалъул администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана муниципалиял хIалтIухъаби, идарабазул нухмалъулел, жамгIиял хIаракатчагIи ва росдал гIадамал дандчIвана депутатгун.

Гьеб рагьулаго, Шамил ГIумаровас гьалбадерие баркалаги кьун, тIадчIей гьабуна мугIрузул районазе хIукуматалъ ва меценатаз гьабулеб квербакъиялда.

-ЦIумада районалъул гIадамаз баркала загьир гьабулеб буго гьаб захIматаб заманалда хIукуматалъ нижеде кьолеб кIваралъухъ ва гьабулеб квербакъиялъухъ. ЦIадал раялъул зарал-зиян районалда кIудияб ккечIониги, камичIо цо-цо росабалъ нухал хвеялъул хIужаби,-ян абуна районалъул бетIерас.

Хуштадаса меценат ва сахаватчи МухIамад Вечедовас гуманитарияб кумек хIисабалда, зарал ккаралъубе кьезе 10 млн. гъурущ кьунилан лъазабуна Хизри Абакаровас.

-Ниж рачIун руго гIадамалгун дандчIвазе, гьезухъ гIенеккизе. МухIамад Вечедовас кIудияб адаб-хIурмат гьабула жиндирго гIагараб ракьалъул. Ракьцоязде салам буго гьесул рахъалъан. Гьединго цIумадисезул жамагIаталда салам бицана Россиялъул Федерациялъул сенатор Сулейман Керимовасги, - ян абуна Хизри Абакаровас.

Данделъиялда гIахьалчагIаз гьоркьор лъуна муниципалитеталъул жакъасел кIвар бугел суалал ва баркала загьир гьабуна гьалбадерие районалде гьабураб сапаралъухъ.

**ГIубайдула Малачдибиров**

9 Май - Бергьенлъиялъул Къо

## Агъвали- Бергьенлъиялъул байрам




9 маялда Агъвали кIодо гьабуна КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралдаса 81 сон тIубай. Рохалилаб тадбиралъулъ гIахьаллъана учреждениябазулгун организациябазул хIалтIухъаби, СВОялъул гIахьалчагIи, Афгъаналъул рагъул, 1999 соналъул августалъул балагьал лъугьа-бахъиназул ополченцал, захIматалъул ветераналал, жамгIиял гIуцIабазул вакилзаби, депутатал, школазул цIалдохъаби, районалъул гIолилал ва росабазул гIадамал.



Байрамалъе хасаб берцинлъи кьуна Агъвали кьодаса байбихьун, райадминистрациялъул минаялде щвезегIан тIобитIараб «Хвел гьечIеб полкалъул» рилълъиналъ. Тадбиралъе байбихьи лъуна бетIералда районалъул нухмалъулев Шамил ГIумаровгун Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаровасул памятникалда, КIудияб ВатIанияб рагъда хварал районцоязе ва 1999 соналъул августалъул лъугьа-бахъиназда ВатIаналъе гIоло рухI кьурал милициялъул хIалтIухъабазе рарал обелисказда цере тIугьдузул горал ва квацIаби лъеялдалъун.

Районцоязда байрам баркун рохалилаб данделъи рагьана Шамил ГIумаровас. Гьес жиндирго кIалъаялъулъ бихьизабуна Бергьенлъиялъул Къо бахIарчилъиялъул, къвакIиялъул ва миллияб цолъиялъул гIаламат букIин. Бицана жакъа Украиналда унеб рагъул, неонацистазде данде бахIарчиго рагъулел районалъул гIолохъабазул хIакъалъулъ.




Баркиялъулал кIалъаялгун цере рахъана районалъул рагъулав комиссар МухIамадрасул Расулов, 1999 соналъул августалъул лъугьа-бахъиназда районалъул ополченцазе нухмалъи гьабурав МухIамад МухIамадов, районалъул ветераназул Советалъул председатель МухIамад ХIанапов, захIматалъул ветеран ГIабдула Зубаиров. Гьединго байрам баркун цере рахъана Агъвали гимназиялъул цIалдохъаби ва культураялъул управлениялъул хIалтIухъаби.

Хасаб берцинлъи кьуна байрамалъе спортшколалъул стадионалда росабазул администрациябаз гIуцIарал майданаз, гьенир тIоритIарал спортивиял къецаз, музыкалиял церерахъиназ, гьенире рачIарал гIадамазул гIемерлъиялъ ва гьезул роха-хинлъиялъ.

Гьедин рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIана Агъвали КIудияб Бергьенлъиялъ 81 сон тIубайялъул байрам.

**ГIубайдула Малачдибиров,**
**Берцинай КъурамухIамадова**

### Автопробег «Бергьенлъиялъул Байрахъ »

КIудияб Бергьенлъиялъ 81 сон тIубай кIодо гьабун, Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаровасул росулъе 7 маялъ тIобитIана автопробег «Бергьенлъялъул Байрахъ». Агъвали стадионалдаса байбихьараб Эчеда росулъе щвезегIан автопробегалъул къокъаялъе салам кьезе байрахъалгун ва понцIерабигун данде рачIана ТIисии-Ахикь ва ЦIумада-ГIурухъ школазул цIалдохъаби.

Берцинаб дандчIвай гьабуна автопробегалъул гIахьалчагIазе Эчеда росу рагIалда школалъул цIалдохъабаз ва росдал гIадамаз.

Къади Абакаровасул гIумрудул хIакъалъулъ ва гьесул бахIарчиял ишазул бицун рохалилаб данделъи рагьана Эчеда школалъул учитель Заур Бадрудиновас.

ГIун бачIунеб гIелалъул ВатIаналде рокьи куцаялъе Къади Абакаровасул бахIарчилъиялъул бицун кIалъай гьабуна районалъул бетIер Шамил ГIумаровас, спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировас, Къади Абакаровасде гьарурал кучIдул рикIкIана росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз.

Данделъиялъул ахиралда кIалъазе вахъарав Эчеда росдал администрациялъул бетIер ХIабиб Нурудиновас баркала кьуна Къади Абакаровги ракIалде щвезавун, гьесул росулъе сапар бухьаралъухъ тадбиралъул гIахьалчагIазе.

**Берцинай КъурамухIамадова**

# «Дир ракьалда кьалда гIадан холаро»...

Иргадулаб нухалъги ракIалде щвана кIудияв шагIир Расул ХIамзатовасул кочIол рагIаби «бадиб магIу хххулараб байрам» кIодо гьабулеб кьоялъ. Гьедин ахIула «Бергьенлъиялъул кьо» кочIолъ. ТаржамачIужу дир яхьинаро, амма, ахирал соназ, бадисан ххулараб магIуялъ рецIцIулел бералгун гIенеккула гьеб. Щай? Щайгурелъул сонидасан сониде рикIкIалъулеб буго 1945 сон, къанагIатги хутIун гьечIо доб рагъул гIахьалчи. Гьелдаго цадахъ, ахираб ункъо соналъ Украиналда унеб бугеб рагъулаб хасаб операциялъул гIахьалчагIазул къадар цIикIкIиналда цадахъго, гьезул суратал лъураб игIланги кIодолъулеб буго. КигIанго бокьичIониги, СВОялда хваразул сияхIги цIикIкIунеб буго. ХхуличIого кинха букIунеб магIу анцIила микьилъин абизе бегьулел гIолохъабазул заназ цIолел хабалги рукIадго?! БухIараб магIу чвахулеб букIана чанги эбелалъул 9 Май кIодо гьабулеб кьоялъ къадада чIварал игIланазда рихьарал васазул суратазухъги балагьун. АбичIого букIинищха чанги бухIи бихьарал шагIирзабаз «Огь, эбелалъул ракI» абун...



**«Огь, эбелалъул ракI, эбелалъул ракI,**
**Букъараб заргIанаб эбелалъул ракI…**
**…Дунялалъул жаваб тIаде босараб…,**
**Кинаб къуватгIаги дуль бахчун бугеб?!».**

КIудияв шагIир Машидат Гъайирбековалъул гьитIинго рагIараб гьаб кочIол мухъал дунго эбелльун яхъаралдаса нахъе рекIелъан араб кьо букIинчIин абуни, мекъи ккеларо. ЦIакъго гIемер гьел ракIалде щолел рукIана 1999 соналъул доб балагьаб августалъул кьоязги: ункъо сон барав дирго васасулги, анкьо сон барай инвалид-яцалъулги пикрабаз. РакI бихьулеб буго дир жакъаги гьаб щуабилеб соналъ. РекIельан унаро рагъда ругел васалги гьезул улбулги. Кин макьу щолеб гьезда? Щвезего щолищ гьеб? Кин сордо рогьунеб? Кин дуниял гьабулеб бугеб жакъа кор боркьараб рагъул цересел кьеразда васалги рукIадго? Рагъда васал камурал улбузул сияхI улкаялда, кигIанго бокьичIониги, кIудияб буго. Кин? Кин? Кин? ЛъугIи гьечIел суалалги, бихьарасда гурони, бицун бичIчIизе кIолареб рекIел хIалги, щоларел жавабалги...

...Щибаб кьойил хIалтIуде ячIунаго дандчIвала Багьжат Лабазанова-СВОялда хварав кIиго васасул, цоясул-эбел, цогидасул-кIодоэбел. Гьесун йикIула гьикъизе кин мун йигей абун, кинаб асаралъул рухIел хутIараб рекIелъилан. Амма кIоларо, пикру гьабураб-го, дирго магIуги хххулун. «Ниж миллионал руго»,-ян цогидаб кочIолги мухъал ракIалде щола гьединаб мехалъ щияй эбелги цее чIун. Гьелго суалал кьезе бокьун букIана мунагьал чураяв Закария ХIусеновасул эбел Зайбат-адаеги. Кьоло щуябго соналъ бехьерхьана кьезесеб суал, амма кватIана. КватIана дида гьеб бичIчIиларин абураб пикруялъ...

Гьебго пикру букIана ва буго ботIролъ женжедулеб дагьаб цебе газеталда жиндир хIакъалъулъ хьварав Хьварщи росулъа рагъулаб хасаб операциялъул гIахьалчи МухIамад ГIубайдулаевасул хIакъалъулъ хьвалаго, жал лъабго вац вугин рагъдаян бухIараб хIухьелги угьун, гьес бициндал. Нурулагь тохтурлъун Курскиялъул рахъалда вугин, Донецкалъул рахъалдехун вугев Шамил бухьеналде вачIинчIого таманаб мех бугин абун букIана гьес. ЛъикIалде божи-хьул букIаниги, рагъалъ васал гьарулареблъи гьесда бихьулеб букIин бичIчIулеб букIана гьесул гьаракь-кIалъаялдасанго. Телалдасан кIалъанги гара-чIвари гьабилин гьесул эбел Хадижат ГIабдулаеваълъулгун абун йикIана. Ва амма…ва амма кIвелищали лъаларо иргадулаб нухалъги. Рагъалъ вас гьавуларо, гьавуравги чIвалин умумузул аби гьелдаги хьинтIана: «цевегоялъдаса нахъе бухьеналда гьечIев» Шамил ГIубайдулаев бахIарчиго рагъда хванин бачIана хабар... Лъабго соналъ вагьана Шамил Донецкалъул рахъалда ватIаналъул тIалаб мустахIикъаб, цадахъ ругезе мисалияб куцалда тIубалаго.

БахIарзал холарин, гьезул гьунар наслабазе мисалалъе гIасрабаз хутIулин абуна татаразул шагIир, КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи, 1943 соналъ гестапоялъул асирлъуде ккун, лъагIелалъ Берлиналъул Моабит абураб туснахъалда чанги хIакъирлъиги фашистазул вахIшилъиги хIехьарав ва лъагIалидасса Плетцензе туснахъалъув чIварав Муса Джалилица «Моабиталъул тетрадь» циклалъул жиндирго цо кочIолъ. ХIакъикъаталдаги, бахIарзазе хвел букIунаро:

**«Дир ракьалда кьалда гIадан холаро,**
**Хваразул цIар лъола цIигьаруразда»...**

Даимаб рецщалъе мустахIикъал руго гьелги, хвел гьечIел гьезул гьунаралги.

Аллагьас хваразул мунагьал чураги, рагь-кьалги лъугIун, гIолохъаби рокьоре руссаги. Ракьлида рукIине, БетIергьанас тIалъиялъул хIакимзабазе сабруги, гIакьиллъиги, цоцада ричIчIиги кьеги.

КIудияб баркала умумузе ракIбацIцIадал, божильи жидеда гьабулел, ахIараб бодулъги, бараб ахIульги, чармил кьураби гIадин, тIоцере рахьун чIолел бахIарчиял васал куцаялъухъ ва гIезаруралъухъ. «Замана хисаниги, бахIарчилъи хутIулин» умумузул аби гьезда, бицун гуреб, бихьун бичIчIана ва нилъеда бихьизабуна жидерго гьаялъе-«Ахирисеб хIухьел цIазегIан цIунила ВатIан!»-абурал рагIабазе ритIухълъиги бихьизабун.

«Дицаги, дуцаги цIуничIони, лъица? Дунги, мунги гьечIони, щал?» -янги абун руго нилъер гIолохъаби гьале щуабилеб сон Украиналда унеб рагъулаб хасаб операциялда цебесеб кьерда, цогидазе мисалги бихьизабун, рагъулел. Жакъа гьел руго квешаб макьильцин жидеда бихьун букIинчIеб, кодоб ярагьгун дандиясде вагьиги гьечIеб, батIияб рагъулъ. Компьютеразул хIаязда жал гьечIеблъи бихьулеб буго жакъа нилъер васазда: кисандай гьаракь-бакъан гьечIеб ярагьалъ гьужум гьабилаян руго гьел сордо-кьоялъ хьаравуллъуда. Нилъер лъимерлъуда цохIо телевизоралдаса рихьулел рукIарал роботал, жакъа щивасул гIумрудулъ руго: цоязул-хIакъикъияб, ватIан ва халкъалъул парахалъи цIунулаго, улкаялъул гIорхьабазда ва кьалул байдабазда хIалтIизарулел, хIинкьи жидееги дандиязеги бугел, цогидазул-рукIа-рахьиналъулъ, рацIцIа-ракьалъи, квен-тIех гьабиялда хIалтIизаруел, киназего пайдаял. Пайда щибха, щивасе рес гьечIелъул гIицIго пайдаялги хIалтIизарун рукIине...

…Гаммаб мобилизация лъазабидал, рагъде ккарал анлъгоязул цояв вукIана Вейсулкаран МухIамадов ва тIоцебесеб кьоялдаса нахъе вагьана рагъул цебесеб кьерда. Гьавуна ва гIуна гьев Хушет росулъ, гьенибго лъугIизабуна школаги. Абусупьянил кIудияб хьизаналда гьавурав гьесие кидагосеб мисаллъун вукIана армияги ракIбацIцIадго тIубарал, росдае хIалае рахьинеги кидаго хIадурав ункъавго кIудияв вац. Армиялда тIадаб налъи тIубазабун хадув, яшав гьабун гIагараб росулъ вукIана. СВОялда кьайицадахъазда гьоркьоб букIана кьадру-кьимат, лъикIазда гьоркьоб рехсолаан кидаго цIар. КIудияб божилъи лъолаан гьесда командованиялъги, цадахъ ругезги, кIвар цIикIкIарал тIадкъаял тIуразеги тIоцеве гьев витIулаан. РакIбацIцIадго гьелги тIуран, вуссунаан часталде тIаде. РакIгъурав, гьудуллъи-вацлъи бокьулев гьев киназулго ракIазулъ восана рагъулаб хьулухъалъул тIоцебесеб кьоялдасан нахъе. Ракълилаб гIумруялде вуссиндал гьаризесел хIалтIабазул ва ишазул хIисабалде росарал планал гIемер рукIана гIолиласул, амма кьисматалъул хьвай батIайиса букIун буго. Ахирисеб хIухьел цIазегIан цIунана ВатIан...

Тарихалде араб 2022 соналъул февралалъ гIадамазул гуребги, улкаялъулго гIумрудулъ гIемер хисабасиял гьаруна... Вейсулкаран МухIамадовъ «Багьадурлъиялъе гIоло» медалалъе мустахIикълъана рагъда бихьизабураб кьохIехьеялъухъ. Ракьцояз, ахирисеб хIухьел цIазегIан цебесеб кьерда вагьарав гьесулги цIар бикIкIана цогидал росуцоязулалда аскIоб мармаргьецIоялъул гIарасалда.

# ВатIаналде рокьиги, бергьенлъиялде божиги

КIванадаса ГIали ТIалхIатов тIадаб рагъулаб хьулухъ тIубазе арав чи ккана Новосибирск областалде. Гьенисан витIула Челябинскалде. Рокьове вуссине кIиго моцI хутIараб мехалъ гьев ва цадахъ рукIарал рачула Украиналъулгун гIорхьода бугеб Белгородалде. Гьениб хьвала гьес лъагIелалъ рагъулаб хьулухъ гьабизе кьотIикьай.

2022 соналъул жаниуруссалихъе хьвараб гьеб халатбахьана жакъа кьоялде щвезегIан. Ункъабилеб сон буго гьесул Донецкалдагун Днепропетровскалда вагъулев. 90-леб танказул дивизиялъул 80-леб полкалда гьужумалъулаб ротаялъул командирлъун вуго жакъа гьитIинав сержант ГIали ТIалхIатов. Райгазеталда гьитIинабго макъала хьвазе бокьун бугин абун, гьесулгун лъай-хьвайги, гара-чIвариги нижеца телефоналдасан гьабуна. Макъалаби хьвазе СВОялда ругел гIолохъабигун битIахьегояб бухьен кквезе щведал, рохалилгун сах-саламат гьел рокьоре тIад руссиналда божи-хьулалъул асаралъ цIола керен. Цо-цо мехалъ гьезда аскIобго гIадин, кьвагьа-гIанхьи рагIидал, хIинкьиги кIанцIула. Аллагьас сах-саламат руссаги нилъер васал рокьоре.



-Бицеха, ГIали, щибдай бугеб кьалул байданалда хабар,-ян дун кIалъараб кьоялъги, разведкаялде ун рукIанин, тIадкъайги тIубан, рагъулаб часталдеги щун, хIалтIул хIасилал рачунел ругин кIалъана гьев.

-Рагъ буго рагъ. УзухIда, захIмат букIуна рагъулал гьудул-гьалмагъзаби камиги. Таманаб гIакъуба бихьула гьелги, лъукъа-кьотIаралги нахъе рачунагоги. Чанги ккола хIужа кIиго чиясде тIаде лъабго-ункъгоги дрон тIаделъараб. ВатIаналде рокьиги, бергьенлъиялде божиги гьечIев чи гьанив гьечIо. Гьанив вугесул батIияб нухги гьечIо. Бияллдеги, хвелалдеги «ругьунлъизе» кколел руго рухIалил бухIиги рекIел тIинда бахчун. Гьеб лъиего бигьаяб суал гуро. Гьанир гьедин рукIаниги, кьвагьа-гIанхьи гьечIеб бакIалде кколел, отпускалъ яги тIуранго нахъе ун, рокьоре щведал, макьилъги дуда дурго гьудул-гьалмагъзаби рихьула. Гьеб мехалъ нижее чара гьечIого хIажалъула аскIор ругезул рахъккеей ва хинаб рагIи. Бихьизе хьвараб жо, БетIергьанас нилъеда бихьизабула. Аслияб жо буго Аллагьасде гIардей, дугIа-алхIам гьаби. Гьаб ункъоялде гIунтIун соналъ гIемерал гьалмагъзаби камуна диеги. Рагъалъ васал гьаруларин аби буго. Амма ВатIаналде кьо ккедал нилъги рахьинчIони, щалха рахьинел? Нилъер рукъ нилъеца цIунула лъидасанго лъикI, нилъеда гIадин, гьелъул хIал кьватIисан рачIаразда лъаларелъулха. Патриотизм борчIула гьеб мехалъ. ГьитIинго гурищ рокьобги, школалдаги нилъеда гьеб мальулеб букIараб?! ГIарцуе гIоло унелин абун багьанаби чIвазеги гIедегIуге. Гьедин гуро иш гIемерисеб мехалъ букIунеб. Гьаб нух тIаса бищаразда хIала жидеца щиб бицунеб ва гьабулеб бугебали. Гьезда бихьидал гьеб кинабго жидерго бераздалъун. 2022 соналъул февралалъ чангиясул гIумрудулъ гIасрабаз кIочонареб, квешаб макьилъцин жидеда бихьун букIинчIеб лъалкI тана. Жакъасевги, КIудияб ВатIанияб рагъул бахIарчиги тарихалъулаб рахь босун, думалъго батIияб рукIаниги, гIаммаб куцалъ цого руго: ВатIан цIунулеб буго гьез нилъер халкъалъул талихIабги ракьлилабги гIумру букIиналъе гIоло. Даимаб рецц улкаялъул бахIарзазе…

...СихIкьотIи халалъана ва тел гьоркьоб кьотIана. Рагъда рагъулъ гIадин букIинарищха бачIун-ун бухьен? ГIаликьги гIенеккун, дун «гьеса цадахъ кьалул байдабазде щвана, бицарабщиналъул сурат цебе чIана». «Шторм» медалалъе гьев жого гьечIого мустахIикълъун гьечIеблъи якьинго бичIчIана. ГьитIинав гIолохъанчи ГIалил «гIумрудул хIалбихьи» чанги гIумру бихьарасдаса цIикIкIараб бугин ккана. «ХIанчIигунги», «помадкабигунги» ва цогидаги тIокIцIарал лъурал яргьилал сурсаталгун «дандчIваял» дагьал рукIинчIо гьесул. Чанги букIана гIумруялъе хIинкьи цIикIкIараб хIалги. АлхIамдулиллагь, ворчIана…

-Школалда цIалулелъули классоязе тIоцеве ватулев вас вукIана ГIали,-ян хинал рагIабаздалъун бицана гьесул хIакъалъул КIванада росдал школалъул мугIалим СаидхIусен ГIалисултановас. -Рокьовги сундулго ургъел-тIалаб тIаде босулаан гьес. Эбел-инсул мугъчIвай вуго ГIали, божула, кватIичIого гьевги, ва, гьевго гIадал, цогидалги солдатал сах-саламат рокьоре руссинин абун.

ГIали ТIалхIатовас абухъего, ватIаналде рокьиги, бергьенлъиялде божиги бугел сахал гIолохъабаздаса мисал босизе жо гIемераб буго гIун бучIунеб гIелалъул. Кьалул байдабазда гуреб, ракьлилаб гIумруялда. Божула, кватIичIого щвелин нилъехъе зодил гурони гъугьай ракьалда рагIулареб замана ва рачIинин гIолохъаби рокьоре абун...

**Гъумер хIадур гьабуна Хадижат Залимхановалъ**

Росдал тарих ва гIадат

# Гьигьалъ ихдалил байрам

Цо-цо мугIрузул районазда хвезе тун гьечIо умумузул гIадаталги, маданиятги ва тарихиял тадбиралги. Гьединазул цояблъун ккола Гьигьалъ росу.

Умумузулъанго рачIарал гIадатазул цояблъун ккола гьигьалъдерил ихдал тIобитIулеб оцбаялъул байрам. Исана дагъалъ кватIун кканиги, их чIеялъул ва оцбаялъул байрам тIобитIула гьениб кидаго ихдалил хIалтIабазе байбихьи лъолеб гIужалъ.

Тадбиралъул завалияблъун букIана бачIунеб соналъ оцбай тIобитIизе нигатгун цере рахъарал Зулидахъ ва Ашахури кулабазул жамагIаталъул вакилзабазухъе чадил гор кьолеб лахIзат.

-БитIараб бицани, нижеда ккун букIинчIо гьаб рикIкIада магIарухъ бугеб росулъеги рачIун, «ХIакъикъат» газеталъул хIалтIухъабаз нижер рахъ ккелин. ТIоцебесеб иргаялда, бокьун буго нужее баркала кьезе. КIиабилеб иргаялда, тIаде рачIарал гьалбадерие нижерго баркала загьир гьабизе. Мадугьалихъ ругел районазул жамагIаталъ нижее гьабураб берцинлъи нижеда кIоченаро. Гьез ахIараб мавлидалдалъун рагьараб байрам, букIана байбихьудасанго цIакъ берцин. КIудияб баркала буго нижер росдал бегавул Рамадание. Росулъ тIоритIулел тадбиразеги, гьарулел хIалтIабазеги гьесул букIуна цебехьанлъи ва квербакъи.



Росдал гIадатазул бищун машгьураб гьеб тадбир тIобитIана араб гьатIанкъоялъ росдал школалъул азбаралда.

Кидаго гIадин, гьенире рачIун рукIана росдал гIадамал гурелги, росу-ракь ва, хIатта, республика бахун къватIирехун гIумру гьабун чIарал росуцоялги, мадугьалихъ ругел Ингушетиялдаса, Чачаналъа, Болъихъа, Гумбеталдаса, Кванхиса ва цоги бакIаздаса рачIарал хIурматиял гьалбалги.

Оцбай тIобитIиялъул иш кодосез лъикIаб гьоболлъи гьабуна гьалбадерие. Тадбиралъе байбихьи лъуна жамагIаталь ва тIаде рачIарал гьалбадерица берцинаб гьаркьидалъун ахIараб мавлидалдалъун, хадуб мадрасаялъул хуриб тIоцебесеб рахъ бахъиялдалъун. ТIоритIана гьенир хирияб Къуръан цIалиялъул, волейболалъул, квар цIаялъул, рекериялъул ва мотоспорталъул къецалги.

Гьаб тадбир буго нижее умумузухъан бачIараб ва нижецаги кIочене течIеб, жакъаги жиб тIобитIулеб бугеб. Бокьилароан бачIунеб гIелалъги гьаб рехун тезе. Божилъи буго гьезда,- ян абуна росдал жамгIияв хIаракатчи Малач МухIамадкеримовасги.

Умумузул тарих, гIадатал, рукIа-рахьин, гьеб кинабго гьанже мугIрузул районазда жеги кIодо гьабизе байбихьун буго. Гьеб лъикI буго.

РакI бохула киналго росуцоялги, къватIирехун ругелги, гьалбалги цоцаль гьуинго, цолъун журан рихьидал. РагIун букIана гьигьалъдерил кьварикъвакIиялъул, доб балагьаб августалда гьез бихьизабураб бахIарчилъиялъул, гьезул цолъиялъул ва гьункиялъул, амма жакъа гьеб бихьизеги бихьана.



-2019 соналдаса нахъе оцбаялъул байрам тIобитIизе тIаде босула росдал школа лъугIун къватIире риччарал выпускниказ. Исана гьеб тIобитIулеб буго 1975 соналъул выпускниказ. Тадбир тIобитIиялъул аслияб мурад буго умузулъанго рачIарал гIадатал цIуни, ихдалил хIалтIабазе цIад-бакъ рекъараб, бачIин гьарзаяб сон батагиян, гьара-рахьи гьабун, байбихьи лъей, садакъа бикьи, рахъ-рахъазде рикь-рикьун ругел росуцоязда гьоркьоб вацлъи цIуни, гьезул наслабазда гьоркьоб бухьен гьаби ва гьеб щулалъи, гьел цолъи ва гьунки,-ян бицана Гьигьалъ росдал администрациялъул бетIер Рамадан ГьазимухIамадовас.

Росу-ракь тун къватIирехун аниги щиб, ургьел-рохел гIахьал гьабизе цо чи гIадин, рахьун чIолелъул букъараб зар гIадинги гьункун. Гьелъуль буго нилъер бечелъи.

**Рукъият ГIалисултанова**

Лъайкьей

# Республикаялъулаб конкурсалъул призер

5 маялда МахIачхъалаялда Поэзиялъул театралда тIобитIана «ВатIан цIунулезе сайгъат гьабула» абураб республикаялъулаб конкурсалда бергьарал ва призерал кIодо гьариялъул тадбир. Конкурсалъул гIуцIарухъанлъун букIана ДРялъул культураялъул министерство. Данделъиялда баркиялъулаб кIалъайгун цере рахъана ДРялъул культураялъул министр Зарема Бутаева ва ДРялъул миллияб политикаялъулги диниял ишазулги министр, Россиялъул БахIарчи Темирлан Абуталимов.



ТIолабго республикаялдаса азаргоялдаса цIикIкIун цIалдохъанас бихьизабуна хореографиялъул, вокалалъул ва кIалъаялъул рахъалъ жидерго гьунар. Гьенир бергьаразе ва призеразе кьуна гIарцулал сайгъатал ва грамотаби.

Гьений «Дун чIухIула, дица бицина» («Я горжусь, я расскажу») номинациялда призерлъун яхъана Агъвали гимназиялъул кIиабилеб классалъул цIалдохъан ХIалимат ГIусманова (учитель Марьям ГIумарова).

Араб соналъги бергьун йик1ана гьей республикаялъулаб конкурсалда кечI цIалун.

* * *

# Бергьарал ва призерал кIодо гьаруна

28 апрелалда МахIачхъалаялъул Гьудуллъиялъул Рокъоб тIобитIана 2025-2026 цIалул соналъ ТIолгороссиялъул школазул олимпиадаялъул регионалияб этапалда бергьаразе ва призеразе шапакъатал кьеялъул тадбир.



Гьениб гIахьаллъи гьабуна Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министр ЯхIя Бучаевас, «Альтаир» гьунар цебетIезабиялъул централъул вакилзабаз, лъай кьеялъул гIуцIабазул ва тIадегIанал цIалул идарабазул нухмалъулез, ДРялъул лъималазул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ вакил Марина Ежовалъ.



ЦIалул 21 дисциплинаялъул 7-11 классазул щунусгоялдаса цIикIкIун цIалдохъан гIахьаллъарал къецазда «Основы внутренней безопасности и обороны» предметалъул олимпиадаялда лъикIал хIасилал рихьизаруна ТIинди гьоркьохъеб школалъул 9 классалъул цIалдохъаби Фатима ГIабдулатIиповалъгун Шамил МухIамадовас ва 11 классалъул цIалдохъан Шамил ГIабдуразакъовас, Гьединго лъикIал хIасилал рихьизаруна «Физическая культура» предметалъе Хуштада гьоркьохъеб школалъул 9 классалъул цIалдохъаби Ибрагьим Абакаровасгун Ибрагьим ХIажиевас ва 11 классалъул цIалдохъан МухIамад ЖахIпаровас.

Олимпиадаялде цIалдохъаби хIадур гьаруна ТIинди ва Хуштада школазул учительзаби ГIабдулхаликъ МуртазагIалиевас ва МухIамад ХIанаповас.

**АхIмад МуртазагIалиев**

# «Теремокалъулазул» церерахъин

7 маялда Агъвали «Теремок» лъималазул ахалда тIобитIана КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIаралдаса 81 сон кIодо гьабиялъул байрам. Рохалилаб тадбир рагъулаго, ахалъул нухмалъулей Хадижат ХIасановалъ бицана нилъер тарихалда жаниб КIудияб Бергьенлъиялъул, наслабазул бухьеналъул бугеб кIваралъул, нилъер талихIаб букIинеселъе гIоло кьалул майданалда гIумру кьуразул хIакъалъулъ.

баркала ахалъул киналго хIалтIухъабазе: гьезул кIвахI гьечIеб хIалтIул хIасилалъухъ. Баркала лъималазул умумузеги жидерго лъималазулги гьезул «коллективалъулги» рахъ кквезе рачIарал.

Лъималазул церерахъиназ бихьизабуна КIудияб ВатIанияб рагъда нилъер халкъалъ бихьизабураб бахIарчилъи ва къвакIи, жакъа Украиналъул ракьалда, гьезул мисал босун, рагъулел ругел багъадурал васазул гIумру, гьунар. Гьеб




-Гьеб къо нилъер тарихалда жаниб буго ва букIине буго рагъда гIахьаллъарал бахIарзал, гьезул багъадурлъигун кьохIехьей ракIалдещвеялъул аслияб байрамлъун. 9 Май цохIо тарих гурелъи, цIиял гIелазул рахъалъан умумузе ракълилаб зобалъухъгун эркенаб гIумруялъухъ кьолеб баркала ккола.

9 Май нилъер улкаялъул тарихалда хасаб къо букIана ва гьединаблъун гьеб хутIила нилъер ракIалдещвеял ругебгIан мехалъ. БукIа абе гьеб кIудияб байрам нилъее кидаго нилъер халкъалъул бахIарчилъи, къвакIи, цолъи бихьизабулеб ракIалдещвезабилъун. Гьарула киназего рекIее парахалъи, талихI, рохел, ракълилаб зобалда гьоркь нилъер лъимал гIей, кьварарал умумузул ирс босун, жакъа Украиналда рагъулел ругел нилъер васал ракълилаб гIумруялде сах-саламат тIадруссинчи, гьезул нух ккун, гьайбатаб букIинеселде церехун ин,-ян абуна кIалъаялъул ахиралда Хадижат ХIасановалъ.

Гьединалго кIалъаял гьаруна гIемерал соназ «Бакъ» лъималазул ахалъе нухмалъи гьабурай педагогикияб захIматалъул ветеран ПатIимат ГъазимухIамадовалъ,

Хадуб байбихьана гьитIичазул церерахъин. Гьеб букIанин гIадатияб церерахъин абуни, дун думалъго мекъи ккела. Гуро, гьеб букIана гIумру кьурдул ансамблаздагун вокалияб хореографиялда, театраздагун сценабазда «гIумру арал» махщалилазул церерахъин. Гуро. Дир рецц-бакъалъул рагIаби гуро гьел. Гьел руго гьитIичазул унго-унгояб махщалие кьолеб къимат. 4-6 сонилъ ругел гьитIичазул махщел, гьунар, гьира-кинабго бессун букIана гьез рикIкIарал кучIдузульги гьарурал кьурдабазульги. Абун тела, тIоцебесеб иргаялда, кIудияб

байрамалъ цолъизарула гIелал: гьитIичал рукIана чIахIияз рахьарал жидерго умумул-рагъул ветеранazulгун гIахьалчагIазул суратalги кодор ккун, аскариязул ратIлилъ. Гьедин гьел рихьидал, иргадулаб нухалъги рохелгун пашманлъи жубараб магIу хулана рекъелалъул ва эркенлъиялъул къимат гьабизе лъалеб гIел нилъер букIинин, жидерго церерахъинал чанги ракIалдеги щун абураб пикруялъ. Абухъего, нилъ чIаго руго, нилъер




ракIалдещвеял ругебгIан мехалъ…

Байрамалъе ахир лъуна гьитIичаз «Бергьенлъиялъул къо» ва «Россия» кучIдул хоралда ахIиялдалъун.

Баркала, «Теремок» ахалъулал, нужее, бетIералда Луизагун, «ракIалдещвеязул щенон рарал цIадазухъ»- берцинаб церерахъиналъухъ.

**Хадижат Залимханова**

## Миллияб спорт

# Районалъул чемпионат

9 маялда Агъвали тIобитIана спорталъул миллиял тайпабазул къецазул рахъалъ районалъул чемпионат. Къецазулъ лъикIаб гIахьаллъи букIана районалъул росабалъа гIолохъабазул.

Чемпионаталъул ккана хадур рехсарал хIасилал:

ГамачI рехун тIоцебесеб бакI ккуна Хушетиса Зулиев Бадрусаламица, кIиабилеб бакI щвана Гъоркьгъакавариса АхIмад МухIамадовасе, лъабабилеб бакIалда гIей гьабуна ТIадгъакавариса Шамил ХIасбулаевас.

Гиря рехун бергьана ТIадгъакавариса МухIамад ХIасбулаев, призераллъун рахъана Къедиса ГIашикъов ИсмагIил ва ТIадгъакавариса АхIмадов Къаим.

Ядро рехун чемпионлъун вахъана Хушетиса Зулиев Бадрусалам, кIиабилеб ва лъабабилеб бакI ккуна Силдиса КъурамухIамад КъурамухIамадовас ва Къедиса ИсмагIил ГIашикъовас.

ЧIаралъуса кIанцIун тIоцебесеб бакI ккуна Къедиса ГIашикъов ИсмагIилица, кIиабилеб бакI щвана ТIадгъакавариса МахIмуд МухIамадовасе, лъабабилеб бакIалде ккана Силдиса КъурамухIамад КъурамухIамадов.

Гъеж багъизабун (армрестлинг) районалъул чемпионлъун вахъана Гъоркьгъакавариса АхIмад МухIамадов, кIиабилеб бакI ккуна Къедиса МухIамадов ПатхIудиница ва лъабабилеб бакIалде ккана Къедиса ГIашикъов ИсмагIил.

Канат цIан бергьана «ТIинди» команда, кIиабилеб бакI ккуна «РОВД» командаялъ, лъабабилеб бакIалда гIей гьабуна «Гъоркьхъварщини» командаялъ.

Бергьарал ва призерал кIодо гьаруна медалалгун грамотабаздалъун ва гIарцулал сайгъатаздалъун.

**МухIамад МухIамадов**

## Волейбол

# Канзулаевасул турнир

Араб гьатIанкъоялъ, 10 маялда, Гьигьалъ тIобитIана жамгIияв хIаракатчи, ДРялъул мустахIикъав учитель МухIамад Канзулаев ракIалде щвезавиялъе волейболалъул турнир. Гьениб гIахьаллъана анцIила цо команда.

Гьаб ахираб кIиго соналъ гIезегIанго турнирал тIоритIана районалда, цIикIкIана командаби ва балагьизе рачIунезул къадар. Гьеб бихьулеб букIана турниралде рачIарал болельщиказ занкIун цIураб Гьигьалъ школалъул спортивияб зал бихьидал. ХIалуцараб букIана къецазе байбихьи лъураб лахIзат. Гьаб ахираб кIиго соналъ районалда тIоритIарал волейболалъул къецаз гьира базабурал командаби хIадурун рукIана Кубокалъе къеркьезе.

Финаладе щвелалдего дандчIвана 3 маялда МухIамадсултан МухIамадовасул призалъе тIобитIараб турниралда чемпионлъун бахъараб «ТIадгъакавари» ва гьебго турниралда лъабабилеб бакI ккураб «ТIинди» командаби. Гьеб дандчIваялда «ТIадгъакавари» командаги къезабун, «ТIинди» команда финалалда дандчIвана «Гьигьалъ» командагун.

Кутакалда лъикIаб хIай бихьизабуна финалияб дандчIваялда кIиябго командаялъ. ХIалуцараб хIаялъул хIасилалда турниралъул чемпионлъун бахъана «Гьигьалъ» команда.

Лъабабилеб бакIалъе дандчIвана «ТIадгъакавари» ва «Гъоркьгъакавари» командаби. Гьеб дандчIваялда бергьенлъи босана «ТIадгъакавари» командаялъ ва бахъана турниралъул призерлъун.

Бергьараб команда ва призерал кIодо гьаруна медаластдалъун ва гIарцулал сайгъатаздалъун.

Турниралъе спонсорлъи гьабуна 1975 соналъ Гьигьалъ школа лъугIарал выпускниказ ва спорталъул министр Сажид Сажидовас.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

# «Бергьенлъиялъул рекери»

КIудияб Бергьенлъиялъ 81 сон тIубаялда бан Агъвали тIобитIана «Бергьенлъиялъул рекери» абураб халат рекериялъул къецал. Рекериялъулъ гIахьаллъана районалъул идарабазулгун гIуцIабазул хIалтIухъаби ва гIолилал.

Хуштадерил Кьенгъараса байбихьун райдаминистрациялде щвезегIан гIолилазда гьоркьор рекерун бергьана СагIитмухIамад ГъазимухIамадов, кIиабилеб бакI ккуна МухIамад МухIамадовас, лъабабилеб бакIалда гIей гьабуна МухIамаднаби МухIамадовас (лъабавго КIванадисев).

ЧIахIиязда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана районалъул финотделалъул хIалтIухъан Рамин МухIамадов, кIиабилеб бакI щвана райадминистрациялъул хIалтIухъан Расул Расуловасе, лъабабилеб бакIалде ккана культураялъул управлениялъул нухмалъулев ГIабдусалам МухIамадов.

Бергьарасе ва призеразе кьуна медалалгун грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

**Берцинай КъурамахIамадова**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула
СагIадулаевич
(87273) 2-52-44

Жавабияй секретарь
Залимханова
Хадижат МухIамадовна

Техникияй редактор
МухIамадова Батул
МухIамадовна

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгъара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1003
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Адрес электронной почты
Golostsumady@mail.ru

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гъорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ 05-00434
от 15 июля 2019 г.